

KREDI TAKS PWOMOSYON YON  
EITC MACHE JIS

AKSÈ NAN LANG

REDIKSYON AMANN SALÈ ENDEPANDANS

EDIKE TI BIZNIS YO REZONAB FINANSYE

DEPATMAN AFÈ KONSOMATÈ

AVANTAJ SÈVIS TRANSPÒ RESTITISYON POU MOUN PWA AK  
NEW YORK MEZI

LISANS POU 80,000 BIZNIS ENSPEKSYON EKITAB KONJE

PWOTEKSYON KONSOMATÈ MALADI PEYE

Zafè Konsomatè.  
Isit la pou Ede Ou.



**Depatman Afè Konsomatè [Department of Consumer Affairs (DCA)]** se pi gwo ajans pwoteksyon minisipal konsomatè yo nan peyi a, ki bay lisans pou 80,000 biznis nan 55 endistri diferan. Nou enspekte biznis yo, nou fè medyasyon sou plent konsomatè yo, epitou nou ede moun New York jere ak pwoteje lajan yo. Kit ou achte nan yon biznis, kit ou posede yon biznis, oswa kit ou travay nan yon biznis, DCA afekte lavi ou.

## Fason Nou Ede Konsomatè yo

- DCA pwoteje konsomatè kont pratik agresif ak malonèt avèk pouvwa asiyasyon ak ankèt agresif. Kèk nan ankèt yo gen ladan konsesyonè vwati dezyèm men, ajans rekouvreman dèt, lekòl agresif k ap fè pwofi, ajans plasman nan travay, ak lòt.
- Nou ankouraje kliyan yo pou yo pote plent epi pou yo travay avèk biznis pou yo resevwa lajan yo. Nan dènye ane fiskal la sèlman, nou te ogmante kantite lajan konsomatè yo te resevwa a 75 pousan.
- DCA sipèvize Lwa Vil la sou Konje Maladi Peye, ki pèmèt plis pase yon milyon travayè Vil New York itilize konje maladi peye pou tèt yo oswa pou yo pran swen yon manm fanmi yo. DCA responsab tou pou aplikasyon nouvo Lwa sou Avantaj Transpò Komen (Transit Benefits Law) ak agrandisman Dekrè Egzekitif sou Salè Rezonab (Living Wage Executive Order).
- Nan manda Majistra a genyen pou batay kont inegalite, Biwo pou Endepandans Finansye [Office of Financial Empowerment (OFE)] DCA kreye kèk pwogram tounèf pou ede moun New York ki pa touche ase lajan vin gen establiite finansye. DCA ap travay pou bay plis aksè nan sèvis finansye yo avèk plis sekirite; yo ede anpil ak yon pakèt preparatè taks resevwa anpil milyon dola nan ranbousman nan kredi taks enpòtan; epitou yo ede moun New York amelyore kredi yo, ogmante revni yo, epitou ekonomize lajan.

Si ou viktim nan yon fwod, si ou gen yon pwoblèm avèk yon biznis, oswa si ou bezwen èd konsènan konje maladi peye, avantaj sèvis transpò, preparasyon taks, oswa lòt endistri DCA kontwòle yo, nou kapab ede ou. Kontakte nou nan **311** oswa ale sou sitwèb **[NYC.gov/consumers](https://www.nyc.gov/consumers)**.





## Fason Nou Ede Biznis Yo

- Nan ane pase, DCA te redui amann ti biznis yo yon tyè, sa ki te ogmante transparans ak onètete nan règleman Ajans konsènan ti biznis yo, epitou sa te ogmante rezilta ak edikasyon pou yo kapab ede ou ak biznis ou.
- Nou ogmante sèvis kliyantèl nou. Lè w ap vizite DCA, ou kapab jwenn konsèy gratis oswa èd pou kesyon jiridik ou yo. Nou kapab ede ou tou nan lang ou chwazi.
- Dapre Lwa Vil New York sou Konje Maladi Peye, pifò patwon yo dwe bay anplwaye yo konje maladi. Si ou gen kesyon, nou kapab ede ou. Ale sou sitwèb **NYC.gov/PaidSickLeave** pou jwenn enfòmasyon pou patwon yo nan anpil lang, FAQ, ak Zouti Kontaj Konje Maladi.
- Pifò patwon yo fèt pou bay avantaj sèvis transpò pou anplwaye Vil New York apati mwa janvyè 2016, epitou sèten patwon ki resevwa bourad lajan nan Minisipalite Vil la dwe peye yon salè rezonab pou anplwaye ki travay sou pwojè anplas yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou salè rezonab ak avantaj sèvis transpò, ale sou sitwèb **NYC.gov/consumers** oswa rele **311**.
- Ale sou sitwèb **NYC.gov/BusinessToolbox** kote ou kapab:
  - Aplike pou yon lisans DCA oswa renouvle lisans ou epitou pou modifiye enfòmasyon yo.
  - Rezoud yon vyolasyon epi peye vyolasyon yo.
  - Mande yon enspeksyon balans.
  - Li Tout Sa ki Nesesè pou Enspeksyon pou ou kapab konnen ANVAN yon enspeksyon sa enspektè nou yo ap chèche nan endistri ou.
  - Kominike Andirèk avèk yon reprezantan DCA (yo disponib ant 9:30 a.m. ak 5 p.m., lendi jiska vandredi, sof jou ferye).

# Fason pou Kontakte DCA

- Ale sou sitwèb **NYC.gov/consumers**
- Rele **311** (212-NEW-YORK si ou deyò Vil New York).
- Imèl **PaidSickLeave@dca.nyc.gov** (Kesyon sou Konje Maladi Peye sèlman).
- Ale nan 42 Broadway, New York, NY 10004, lendi jiska vandredi.



Bill de Blasio  
Mayor

## Consumer Affairs

Lorelei Salas  
Commissioner



@NYCDCA



Printed on 30%  
post consumer  
recycled paper

06/2016